

Chè Rezidan New York Yo,

Siviv nan yon katastwòf natirèl se yon bagay ki vrèman difisil. Malerezman, pafwa sa se kòmansman difikilte sivivan yo ap kwaze.

Souvan lè gen yon tanpèt, oswa nenpòt lòt katastwòf natirèl, fwodè yo antchoutchout pou yo pran avantaj nan malè lòt moun. Pandan ou ap fè jefò pou retounen ak lavi nòmal ou te genyen an epi repare pwopriyete ou an, fè atansyon ak pri k ap koupe gòjèt moun yo epi fè bonjan rechèch sou kontraktè yo avan ou ba yo travay.

Bwochi sa genyen enfòmasyon k ap ede ou pa pran nan kou fwodè ak kontraktè ki pa twò serye yo epi idantifye metòd pri k ap koupe gòjèt moun yo. Si ou te viktim fwod oswa ou te oblije achte nan yon pri ki koupe gòjèt ou, kontakte lapolis epi depoze yon plent nan biwo mwen.

Sensèman,

Letitia James



Pwokirè Jeneral
Vil New York la
Letitia James

Resous yo

Ajans Federal Jesyon Ijans (Federal Emergency Management Agency, FEMA)

Liy Asistans FEMA: (800) 621-3362

TTY: (800) 462-7585

Email: AskIA@fema.dhs.gov
FEMA.gov

P.O. Box 10055
Hyattsville, MD 20782-8055

Asistans pou Katastwòf

disasterassistance.gov

Biwo Gouvènè an pou Rekonstwi aprè Tanpèt (Governor's Office of Storm Recovery, GOSR)

Liy Asistans: (844) 969-7474

Email: info@stormrecovery.ny.gov
stormrecovery.ny.gov

64 Beaver Street
PO BOX 230
New York, NY 10004

Aprè Tanpèt la

Evite Fwod Aprè
Katastwòf Natirèl Yo



Biwo Avoka Jeneral
Letitia James
nan Eta New York



Netwayaj ak Reparasyon Pwopriyete



Pa janm peye tout lajan an avan

Fè yon orè pou peye epi respekte li. Pa fè peman final la jiskaske tout pwojè a pa fini epi ou wè ou satisfè epi tout enspeksyon nesèsè ak sètifika ki di se pou ou li ye finalize.

Toujou asire ou kontraktè a genyen yon asirans ki ajou.

Si gen yon travayè ki blese, oswa ki gen yon pwoblèm ki rive nan pwopriyete ou an, se ou menm yo kapab fè responsab si kontraktè a pa gen asirans ki apwopriye a.

Mande pou referans yo, verifye lisans yo.

Mande enfòmasyon sou travay kontraktè a fè nan zòn lan deja. Pale ak moun ki bay yo travay deja; si ou kapab ale gade kijan yo te fè travay yo. Asire ou mande kontraktè a pou li genyen tout lisans gouvènman lokal lan mande li.

Devi yo enpòtan: ekri yo sou papyè.

Mande pou yo mete tout devyi travay yo sou papyè epi pou yo ajoute yon eksplikasyon sou materyèl y ap itilize a. Ou dwe klè sou sa ou p ap peye pou travay fèt epi ki pa gen yon akò alekri ki fèt sou li. Verifye materyèl yo itilize a se menm ak materyèl ki te dekri nan devyi a. Asire ou tout chanjman k ap fèt nan devyi an fèt alekri.

Tcheke otorizasyon yo.

Pa kite okenn kontraktè vin travay san otorizasyon ki nesèsè yo. Si pa genyen apwobasyon sa kapab ba ou reta nan pwojè ou genyen an, oswa enstale ou nan yon bilding ki fini

Itilize yon kontraktè ki gen yon adrès ou kapab verifye.

Si kontraktè ou an “disponib jodia epi disparèt demen”, ou kapab genyen difikilte pou fòse li respekte garanti an

Pri k ap Koupe Gòjèt (mache nwa)

Lalwa nan Eta New York entèdi tout vandè byen ak sèvis premye nesèsite yo - tankou manje, dlo, gaz, dèlko, batri, ak flach, ak sèvis tankou transpò - pou fè mache nwa pandan genyen yon destabilizasyon ki pa nòmal sou mache a.

Si ou kwè ou se yon viktim mache nwa, ou ka depoze yon plent nan Biwo kont Fwod sou Konsomatè:

(800) 771-7755

ag.ny.gov/price-gouging-complaint